FAN VA TADQIQOT SAMARALARI
xalqaro ilmiy–amaliy konferensiya
www.academicsbook.com
Vol: 2 Issue: 6 (2025)

# DÁSTÚRIY QOSIQ ATQARIWSHILIQTIŃ ÚYRENILIWI

**Qabulova Sayyora Odilboyevna**
*NMPI magistrantı*

***Anatatsiya:*** *Muzıka oqıtıwshısı muzıka páni arqalı oqıwshılardı dóretiwshilikke, erkin pikirlewge, estetika hám ádeplilik mádeniyatına úyretedi. Pedagogtıń tiykarǵı maqseti oqıwshı bilimin sana sezimlerin rawajlandırıw, sheberligin qáliplestirip barıw bolıp olardı mánawiyatlı insan bolıwın da kómeklesedi. Muzıkalıq tárbiya insandı gózallıqqa jetekleytuǵın bir qural bolıp, ol insannıń estetikalıqalıq hám emociyalıq ózgesheliklerin qáliplestiredi. Haqıyqıy muzıka shıǵarmaları zamannıń estetikalıqalıq-ádeplilik hám siyasiy ideyaların ulıwmalastıradı.*

*Qaraqalpaq xalıqı áyyemden-aq óz muzıka mádeniyatina iye bolǵan. Kitap, jaziw-siziw qáliplespegen waqıtlarda xalıq qosıqları, dastanlar, termeler jámiyet ushin ozine say sabaqlıq, kitap hám mektep wazıypasın atqarǵan.*

***Gilt sozler:*** *ideologiya, process, emociya, dóretiwshilik, tálim standart.*

Qádimgi dawiri adamlarınıń ómir hám túrmıs múmkinshilikleri hám de diniy kóz-qarasları hám de dástúrleriniń payda bolıwı haqqında. Qosıqlardıń dawısları melodiyası arqalı olardıń otmishi haqqında sóz etiwi kerek. Bunda oqıwshılarǵa óz-betinshe tapsırma temalarına, qádimgi ózbek hám qaraqalpaq muzıka dóretpeleri muzıka ásbapları, ónermentshilikke say muzıka ásbaplar, diyxanshılıqqa say muzıka ásbaplar, sharwashılıqqa say muzıka ásbaplar, adamlardıń qalay jasawına say bolǵan dáslepki kiyik awlap awıl jerlerde turmıs waqıyalarına say bolǵan dástúrler, pasıllardıń ózgerisi, waqıyalar ózgerisi tariyxı, olardıń mánawiy kórinisleri, merasım qosıqların mazmunı, sóz menen namanıń boleklerge tiykarlanǵanlıǵı, oyın háreketleri, ritm ózgesheliklerin kórsetiwshi muzıka hám sóz salmaǵı hám de pitmlı usıllarınıń júzege keliwi haqqında maǵlıwmat berip barıladı. Belgili pitm qáliplerine hám de perde dúzilmelerine tayanıp ırǵaqlardıń payda bolıwı, bunıń nátiyjesinde ırǵaqlı muzıka usılları qáliplesiwi.

Muzıkalıq bilim beriw processında oqıwshılardı gózzallıqtı seze alatuǵın, milliy muzıkaǵa miyrim hám háwes menen atqaratuǵın yamasa tıńlaytuǵın, milliy muzıka miyrasımızǵa iyelik etıwshı hám de dawam ettiriwshi bárkamal insanlar etip tárbiyalaw tiykarǵı maqset etip qoyıladı. Ásirese, demokratiyalıq jámiyet qurıwımızda, sol jámiyetti rawajlandırıwshı jas áwladtı salamat, bilimli ásirese, milliy mánawiy sezimleri bekkem insanlar etip tárbiyalaw máseleleri aktual orında turadı. Qaraqalpaq xalqı ruwxıy miyrasında milliy muzıka dástúrleriniń jaslar tárbiyasınıń mánawiy qáliplesiwindegi tutqan ornı ayrıqsha áhmiyetke iye.

Ǵárezsiz mámleketimiz siyasatı, Mámleketlik Tálim Standartları talapları Kadrlar tayarlaw milliy dástúrinde de usı máseleler tiykarǵı orınlardı iyelegen. Sonday-aq, muzıka tálimi arqalı oqıwshılardıń milliy mánawiy sezimlerin qáliplestiriw, onıń tariyxıy pedagogikalıq áhmiyeti júda áhmiyetli. Sebebi, jaslar óariyxıy ótmishin bilse

keleshekke óz ideologiyası hám milliyligine iye bolǵan úllı el jaratıwda xızmet qıladı. Xalıqtı mánawiy jaqtan, ideologiyalıq tárepten tarbiyalap, qáliplestirip barıw tálim sistemalılıq diziminiń eń aktual` máseleleri dep sanaymız.

Qaraqalpaq xalqı uzaq ótmish, ótken dáwirlerde de tálim – tárbiya menen shuǵıllanǵan. Qaraqalpaq xalqı uzaq túnlerdi tańlarǵa atırǵan keshelerde muzıka atqarıwshıları xalıq tariyxınan sóz ashıp, eldiń qayǵı hásiretlerin qosıqlarǵa túsirip jırlap, mánawiy dástanlardı atqarıp, jaslarǵa tárbiyalıq sabaq bergen. Bul tárbiyalıq áhmiyetke iye bolǵan jıyınlardı xalıq qaharmanları ushın kúshlerine kúsh qosılatuǵın marsiyalar, nasiyatlı terme-tolǵawlar arqalı ruwxıy mádet berip kelgen. Xalıq bul atqarıwshı qosıq-jırları arqalı óz táshwishin umıtqan, hám ruwxıy medet bergen.

Qaraqalpaq xayal-qızları da Xúrliman, Tomaris, Gulayım, Gulparshın (Barshinay) sıyaqlı qaharman xayal-qızlardıń, anaları, kempir apalarınan tálim-tarbiya úgitleri jámlengen qosıqlar, dástanlar, termelerde ómir soqpaqların dawam ettirgen. Bul xalıqtıń dástúriy tárbiyalıq, jámiyetlik isleri sabıq sovet dúziminde tárbiya máseleleri bir ideologiyalıq túrde qáliplesip keldi, biraq, hár bir xalıq óz milliy ideologiyasına, milliy mentalitetine, úrp-ádetlerine, dinine hám mánawiy sezimlerine iye emes edi.

Xalıq muzıka miyrasımızdıń tariyxıy hám házirgi kún talapların kórip, úyrenip barılıwı, mekteplerde muzıka táliminiń tiykarǵı maqseti oqıwshılarǵa muzıka mádeniyatın úyretiw, olardı ruwxıy mánawiy sezimlerin rawajlandırıw dástúrleri ǵarezsizligimizdi qolǵa kiritkennen keyin qáliplesip kiyatır.

«Kadrlar tayarlaw milliy dástúri»[1] úzliksiz tálim hám kadrlardı tayarlaw sistemasın tereń úyreniwge qaratılǵan. Milliy dástúrdi ámelge asırıwdı pedagogikalıq tálimge, bolajaq oqıtıwshılarda joqarı mánawiy pazıyletlerdi bay mádeniy miyras úlgilerine hám óz milliy dástúrlerine sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw juwapgershiligi júkletilgen.

Qosıqshılıq tariyxı uzaq tariyxqa iye bolıp Oraylıq Asiya xalıqlarınıń muzıka mádeniyatı tariyxına say qádimgi jazba estelikler hám arxeologiyalıq qazılmalar arqalı jetip kelgen. Dastúriy qosıqshılıqtıń dástlepki úlgileri uzaq jıllıq tariyxqa iye. Muzıkalıq miyrasımızdı tolıq pán dárejesine alıp shıǵıwına Abu Nasr Muhammad al-Farabiynıń xızmeti úlken. Al-Farabiydıń bul pán rawajlanıwına qosqan úlesi nátiyjesi sıpatında "Muzıka usılları haqqında kitap"ında muzıka atqarıwshılıǵı keń ashıp berilgen. Ibn Sino da muzıka ilimine say kóplegen shıǵarmalar jaratqan. Onıń medicina hám psoxologiya iliminiń rawajlanıwına úles qosatúǵın kóplegen izertlewleri bar. "Shipa kitabı" atamasındaǵı shıǵarmasında ilimpaz muzıka ilimi, nama, qosıqlar analizi hámde onıń insanǵa tásiri túsindirilip berilgen. XIX-XX ásir muzıka mádeniyatına úles qosqan Abu

[1] O`zbekiston Respublikasining “Kadrlar tayyorlash milliy dasturi”.-T.: O`zbekiston, 1997y

Abdullah Muhammed ibn Yusip al-Katip ,al-Xarezmiy, Safauddin Abdulmómin, Muhammed ibn Masud ash-Sheraziy, Al-Xusayniy siyaqlı ilimpazlar xızmeti kóp.

Muzıka namaları tásirinde insan ruwxında belgili psixologiyalıq xádiyseler payda bolıp jaqsı hám jaman keypiyat payda boladı. Bul barista dástúriy qosıqshılıq hám folklor shıǵarmaları insan ruwxına názik tásir etedi. Sebebi bul shıǵarmalar xalıq qosıqları hám turmısta dástúrge aylanǵan turmıstıń bir tárepinen kórinip turǵan qosıqlar. Bular qatarına jergilikli qosıqlar, dastanlar, baqsı-jırawlar hám máresim, miynet qosıqları, aytısıw hám balalar qosıqları siyaqlı qosıq shıǵarmaları xalıqtıń kóp jıllıq tariyxın ázeliy turmıs jaǵdayı kórinedi.

Dástúriy xalıq qosıqları dawir menen birge qádemme-qádemme-qádem rawajlanıp, dástúriy qosıqshılıqtıń qáliplesiwine alıp kelgen. Xalıq dástúriy qosıqlar hám onıń atqarıwshılıq óneri xalıqımız ómirinde mánawiy miyras hár tarbiyalıq baza sıpatında tásir etedi. Bul janr arasında dástúriy atqarıwshılıǵı ayrıqsha basqa qosıqshılıqtan ajıralıp turadı sebebi bul janr xalıqtıń qosıǵı hám ol eldiń kewilinen jay alıp dástúrge aylanǵan. Bul janr menen bugingi kúnde mámleketlik aralıqta kórik-tańlawlar, xalıqaralıq simfozium hám festivallar ótkezilip atır. Bul siyaqlı tadbirler xalıqtıń milliy miyrası sıpatında ulken áhmiyetke iye. Sonday-aq, 1987-jılda YUNESKO qasındaǵı Dasturiy muzıka boyınsha xalıqaralıq shólkemde baqsıshılıq kórkem-óneri ushın festival ótkeriw máselesi alıp shıǵıldı. Bunnan maqset xalıq arasında baqsıshılıq kórkem-ónerin rawajlanıwı hám qayta tikleniwi máseleleri aldımızǵa maqset etip qoyıldı.

Xalıq qosıqları hám onıń bárshe turleri ele uyreniliwi kerek bolǵan ulken ǵáziyne sıpatında keleshekke tolıq hám óz qálipinde jetkeriw bugingi kunniń dıqqatında turǵan másele esaplanadı.

Dásturiy qosıqshılıqta qosıqlardı tórt toparǵa bólip bir toparǵa bólinedi. Bular:

-Mawsim máresim qosıqları;

-Urip-ádet qosıqları;

-Miynet qosıqları;

-Lirikalıq qosıqlar.

Dásturiy qosıqshılıqtıń hár biri o'z o'rnında áhmiyetli orında bolıp tiykarǵı ólshem xalıqtıń dawısı menen atqarılıwı hám xalıqshıllıǵında. Qosıq insannıń anadan tuwılǵan bala hayyiwi menen úlkeyip muzıka nama menen birigip kamal tabadı. Barlıqtı hám atıraptaǵılardı ańlaw baslaydı. Muzıka insannıń ómir jolındaǵı máded beriwshi joldası. Qosıq menen muzıkanıń ruwxıy quwatı adamzattı ómirge hám jaqsılıqqa shaqırǵan. Saz shertilgende insan denesindegi jan qozǵaladı, dene hám ruwxiyat háreketke keledi hám qosıqta óz sawlesin tabadı.

Dasturiy qosıqshılıq bir qatar uzliksiz rawajlanıp barıwshı bazalarǵa tayanadı: nama, qosıq tekstin tereń uyreniw, atqarıw maqsetin barınsha tolıq ashıp beriw, dawıs baǵdarındaǵı omomentik qaǵıydalardı anıq bayanlap beriwshi baza. Xalqtıń qosıqshılıqtaǵı milliy koloriti, bezeklerin anıq bayanlaw milliy mintalitetti támiyinlendi hám bul atqarıwshılıqtaǵı dóretiwshilik atqarıwshı aldında turǵan tiykarǵıwaziypalardan biri.

Dasturiy qosıqshılıq kórkem-óneri rawajı tek muzıka miyrastı emes balki zamanagoy atqarıw hám tusindirip beriw menen rawajlanadı. Bunıń ushın muzıkalıq miyrastı uyreniw menen birge jańa úlgilerdi jaratıwda teoriyalıq bilimlerge suyenip, sawatlı tereń maǵnaǵa iye, filosofiyalıq tiykarlı shıǵarmalar dóretiwi kerek.

Dasturiy qosıqshılıq páni hár bir oqıw ornında uyretiledi. Joqarı bilimlendiriwde bul pánniń talabalarǵa uyretiw tálim modulında, dóretiwshilik jumısında hám kórkem ónerdiń tiykarǵı principlerin uyreniwdi óz ishine aladı. Bul modul talabalardı insaniylıq qadriyatlar, dóretiwshilik hám estetikalıq qábiletlerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan. Dástúriy qosıqshılıq modulında talabalar atqariwshı kórkem-óner wakilleriniń shıǵarmaların úyreniw, tariyxıy dóretiwshiligin jetkerip beriw usılların túsiniw, shıǵarmalardaǵı ózgeriwlerdi analizlawdı uyrengen boladı. Sonday-aq, talabalar dóretiwshilik sabaǵı sebepli atqarıw texnika sheberligi ashıp shıǵarmanıń mazmunın tereń uyrenedi. Dástúriy qosıqshılıqtı talabalarǵa oqıtıw modulında ámeliy sabaqlar, kórsetme hám joybarlar, atqarıw ustalarınıń tájiriybe hám bilimlerinen paydalanıw menen bir qatarda atqarıwshılıq sheberligi hám qábiletin rawajlantırıw, milliy dóretiwshiliktiń rawajlantırılıwına xızmet etedi[2][39.1].

Dástúriy qosıqshılıq tariyxı uzaq ótmishke iye Orta Aziya xalıqlarınıń muzıka mádeniyatı tariyxına tiyisli qádimgi jazba estelikler, arxeologiyalıq estelikler muzıka atqarıwshılıǵı xalıq arasında rawajlanǵanlıǵınen derek beredi. Orta Aziya xalıqlarınıń songı mıń jıllıq muzıka mádeniyatı tariyxına say jazba estelikler bizge shekem jetip kelgenligi muzıkalıq miyrastı abaylap asırap awladtan-awladqa, ustazdan-shákirtke miyras etip qaldırılıwınıń belgisi esaplanadı. "Uzaq ótmishten bizge shekem jetip kelgen muzıkalıq miyrastı úyreniw onı tolıq pán dárejesine alıp shıǵıwına Abu Nasir Muxammed al-Farabiydıń xızmetleri úllı. Al-Farabiy qádimgi muzıka úlgilerin atqarıwı hám onı talıqlawǵa júdá úlken áhmiyet berip ótken."[3][23]. Izleniwler nátiyjesi sıpatında muzıka ámeliy-teoriyalıq pán jarattı. "Kitap al-siyaqlır"(Muzıkaǵa say úlken kitap), "Kilamu fil al-musiqiy" (Muzıka usılları haqqında kitap), "Kitap ul-musiqiy" (Muzıka kitabı) siyaqlı shıǵarmaları tuwrıdan-tuwrı muzıka atqarıwshılıǵı talıqlawına

[2] "Milliy musiqa ijrochiligi masalalari", Fattohxon Mamadaliyev, Toshkent2001;
[3] Sultonov A. Mumtoz ashula va qo'shiqlar ijrochilari va bastakorlari. Toshkent – Innovatsiya-Ziyo. 2021.

bağıshlanğan shığarmalar. Bul haqqında Al-Farabiy dástúrin dawam ettirgen ilimpazlardan Abu Ali ibn Sino edi. Onıń "Kitap at shfa" (Shipa kitabı), "Danıshnama" (Bilim kitapı), "Risolatun fil ilmi musiqiy" (Muzıka ilimi haqqında kitap) shığarmaları muzıka ilimi, atqarıwshılıq usılları nama hám qosıqlar analizi haqqında ekenligi bizge belgili.

IX-X asir muzıka mádeniyati tariyxında Orta Aziya xalıqları arasından shıqqan úllı ilimpaz Abu Abdulloh Muhammed ibn Yusuf al-Katip al-"Xarezmiydiń "Mafatixul-ulum" (Ilimler giliti) ensiklopediyasınıń muzıka teoriyasına bağıshlanğan bóleginde namalar qatarı xalıq qosıqshılıq dóretiwshiligi úlgileri analizina úlken áhmiyet berip ótken."[4][44.1]. Keyinrek jasap dóretiwshilik etken ilimpazlar — Safauddin Abdulmómin, Mahmud bin Masud ash-Sheraziy, Xoja Abdulqadir Marağiy (XIV, "Jamiul — alxan", "Maqasidul-alxon" risalaları avtorı), Al Xusayniy, Abduraxman Jamiy (XV) hám kóplegen muzıka ilimi ilimpazlar shığarmalarında jánede rawajlantırıldı.

Muzıka iliminiń teoriyalıq jaratılıwında xalıq qosıqlarınıń ornı sheksiz bolıp Orta Aziya muzıkatanıwshı ilimpazları namaları menen birge qosıqshılıq mashqalaları ústinde analizlar alıp barğanlar. Shığarmalar jaratılgan dástúriy qosıqshılıqtıń dástlepki úlgileri uzaq jıllıq tariyxqa iye. Muzıkalıq miyrasımızdı tolıq pán dárejesine alıp shığıwına Abu Nasir Muhammed al-Farabiydıń xızmetleri úlken. Al-Farabiy qádimgi muzıkalıq úlgiler atqarıwı hám analizli jumısları orın alğan. Al-Farabiydıń bul pán rawajına qosqan úlesi izleniwler nátiyjesi sıpatında muzıkalıq tarbiyalıq áhmiyeti hám baqsqada táreplerin jarattı.

"Muzıka usılńarı haqqında kitap" atlı shığarmasında muzıka atqarıwshılığı keń jarıtılıp berilgen Jáne bir ilimpazlarımızdan biri Ibn Sino hám muzıka ilimine say kóplegen shığarmalar jaratqan. Ibn Sino medicina ilimi qániygeligi bolğanı bárshemizge belgili "Shifa kitap" atlı shığarmasında ilimpaz muzıka ilimi, nama hám qosıqlar analizi hámde insanğa tásiri haqqında tusindirip berilgen. XIX-XX- asir muzıka mádeniyatı rawajlanıw tariyxında Abu Abdullah Muhammed ibn Yusuf al-Katip, al-Xarezmiy, Safauddin Abdulmómin, Muhammed ibn Masud ash-Sheraziy, Al-Xusayniy siyaqlı ilimpazlardıń xızmeti sheksiz.

Dastúriy qosıqshılıq ózinde kóplegen bağdarlardı qáliplestiredi. Bular qatarına jergilikli qosıqlar, dastanlar, lirikalıq hám ashıqlıq temasındağı qosıqlar, máresim, miynet qosıqları, aytısıw, balalar qosıqları siyaqlılardı kiritiw múmkin. Bul qosıqlarda xalıqtıń kóp jıllıq tariyxı ázeliy turmıs kórinisi sawlelenedi. Dástúriy xalıq qosıqları dawir menen birge rawajlanıp hám qáliplesip bardı. Dástúriy qosıqshılıqtıń

[4] "An'anaviy xonandalik", Abduraim Tursunov, Termiz - 2019

rawajlanıwında atqarıw jolları úlken áhmiyetke iye. Dástúriy qosıqlar atqarıwshılığı xalıqtıń mánawiy miyrası sıpatında bugingi kunde tarbiya sıpatında mámleket siyasiy dárejesine kóterildi. Dastúriy qosıqshılıq janrı arasında maqam atqarıwshılığı da ajıralıp turadı. Maqam atqarıwshıdan belgili biyiklikte ses hám atqarıwshılıq hám ilimiy bilimdi talap etedi. Maqam janrı boyınsha qatar kórik-tańlawlar, seminar hám xalıqaralıq festivallar alıp barılmaqta. Bul siyaqlı ilimiy konferenciyalar maqam janrınıń áhmiyetin túsinip jetiwde ulken xızmet qıladı. Úllı qalalarda Evropa muzıka mádeniyatında sázend hám kompozitorlar aymaqlı dástúrlerdi saqlap qalıw maqsetinde óz bilimlerin shákirtlerine uyretedi. Ata Jalal basshılığında Buxaradağı Shashmaqam atqarıwshılıq mektebi hám Samarqantdagi Haji Abdulaziz basshılığındağı maqamshılıq hám kompozitorlıq mektebin ayrıqsha itibarǵa alıw kerek.”[5] [39.1]. Áne sonday ilimpazlardıń mashaqatlı miynetleri óz nátiyjesin berdi. Turkistan erksiz bolıwına qaramay dástúriy qosıqshılıq kórkem-óneri rawajlandı. Qosıqlarda xalıqtıń awır kúnleri, miynetkesh xalıqtıń miyneti jaqqında atqarıladı. Dastúriy qosıqshılıq rawajında Hamza Hakimzada Niyaziy óziniń ayrıqsha orınǵa iye. Niyaziy óz qosıqların apiwayı turde xalıq namaları qálipine saldı. Háreketleri nátiyjesinde usı shıǵarmalar xalıq arasında keń jaydırıldı.

Dástúriy qosıqshılıq boyınsha ámeliy shınıǵıwlarda orınlanatuǵın jumıslar

Ámeliy shınıǵıwlar - bul studentlerdiń teoriyalıq bilimlerin atqarıw arqalı bekkemlew, nama hám usıldı ámeliy tárizde ózlestiriw, sonday-aq, saxna mádeniyatın qáliplestiriw imkaniyatın beretuǵın sabaqlar bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq xalıqınıń qadimgi ruwxıy-dástúriy muzıkalıq tárbiya miyrası házirgi mádeniy, ruwxıy islerdiń kóz qarasınan kelip shıǵıp bibaha. Olarda hálıq muzıkalıq dástúrleriniń xurmet etiw, onı asrap abaylaw, qádirlew ideyaları bas orınlardan birini iyellegen. Muzıka tálimi processınde, talabalardı gózzallıqtı seze alatuǵın, milliy muzıkaǵa miyrim hám háwes menen atqaratuǵın yamasa tıńlaytuǵın, milliy muzıka miyrasımızǵa iyelik etıwshı hámde dawam ettiriwshi barkamal insanlar etip tárbiyalaw tiykarǵı maqset etip qoyıladı.

Jergilikli qosıqshılardıń atqarıwı tiykarında islep shıǵılǵan analitikalıq tapsırmalar, audio-tallaw jumısları hám saxna shıǵıwı shınıǵıwları modullik sabaqlarda úlken nátiyje berdi. Oqıtıw procesine bahalaw kriteriyaların (kónlikpeler tiykarında bahalaw, óz ara tallaw, portfoliologiyalıq) kirgiziw arqalı studentler óz ústinde islewge hám sın kózqarastan tallawǵa kóbirek itibar bere basladı.

Juwmaqlap aytqanda, dástúriy qosıqshılıqtı modul tiykarında oqıtıw, onı zamanagóy pedagogikalıq qatnaslar menen úylestirip, milliy muzıka kórkem ónerin

[5] "Milliy musiqa ijrochiligi masalalari", Fattohxon Mamadaliyev, Toshkent2001;

jetik úyretiw, jas áwlad qálbine estetikalıq talǵam hám mádeniy qádiriyatlardı sińdiriw imkaniyatın beredi. Jumısta alga súrilgen usinıslar hám metodikalıq islenbeler muzika bilimlendiriwi sistemasında keń qollanılıwı múmkin.

**Ádebiyatlar:**


1. Азимов Б. Нравственное воспитание молодёжи народной музыки (на материале музыкальной самодельности профессионално-технических училищ Республики Узбекистана) Дис…канд.пед.наук.-Т.,(13.00.01)им.Низами.
2. Азимов Б. Музыка и воспитания. Народное образования..Т.: 1999г.
3. Анисимов В.П. Арт-педагогика как система психологического сопровождения образовательного процесса // Вестник. №4 (2003) -146с.
4. "Еркин Қарақалпақстан" газетасы Торткол. 1940-жыл, 3-бет.
5. Романова Санобар Ережеповна. Қорақалпоқ миллий мусиқий анъаналари асосида бўлажак мусиқа ўқитувчиларини маънавий тарбиялашнинг педагогик асослари. Дисс.пед.наук. Тошкент-2005й.
6. Qabulova Sayyora. The Role of National Classical Musical Models in The Aesthetic Education of Students. Central Asian journal of arts and design https://cajad.centralasianstudies.org/index.php/CAJAD Volume: 06 Issue: 02 | April 2025 ISSN: 2660-6844
7. Qabulova Sayyora. Traditional Performance and Its Serious Educational Significance. Best journal of innovation in science, research and development 2024 440-442.